

BAB III


PADIKA PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif ilaharna ngagambarkeun *perspektif fénoménologis* nu dipiharep bisa maham kana ma'na tina kajadian-kajadian jeung interaksi manusa dina hiji kaayaan (Semi, 2021, kc. 32). Pamarekan kualitatif leuwih cocog pikeun panalungtikan nu patali jeung masalah kultur atawa ajén-inajén saperti sastra. Éta hal téh ku lantaran sastra mangrupa hiji karya kréatif nu wangunna bisa robah jeung teu netep, tur kudu diinterpretasi atawa diguar ma'nana (Semi, 2021, kc. 40).

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif analitik atawa analisis déskripsi. Métode déskriptif mangrupa prosedur ngungkulan masalah nu ditala'ah ku cara ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun kaayaan objék panalungtikan saperti novél, drama, carita pondok, jeung puisi dina mangsa kiwari, dumasar kana bukti-bukti nu nyampak atawa kumaha ayana (Siswantoro, 2020, kc. 56). Anapon nu dimaksud analitik nyaéta prosés maluruh atawa nganalisis kana data nu saméméhna dikumpulkeun jeung didéskripsikeun. Dina ieu panalungtikan, data nu dikumpulkeun mangrupa data nu sumberna tina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar.

Desain panalungtikan disusun sangkan panalungtikan puguh jujutanana jeung dipiharep lumangsung kalawan lancar. Desain panalungtikan téh nyaéta bagan nu eusina mangrupa runtusan panalungtikan nu dimimitian ku tatahar, nepi ka nyusun laporan jeung nyieun kacindekan. Anapon desain panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, kapidangkeun dina kaca satuluyna.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik talaah pustaka mangrupa téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan. Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun survéy kana data nu geus nyampak, neuleuman sakur tiori nu digunakeun, tur ngamutalaah bahan bacaan saperti artikel jurnal jeung buku-buku référénsi nu saluyu jeung panalungtikan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Ridwan spk., (2021) yén talaah pustaka téh mangrupa ringkesan jeung tiori nu bisa dicangking ngaliwatan bacaan nu saluyu atawa rélevant.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah satuluyna nyaéta téhnik ngolah data. Anu dianalisisna nyéta tina aspék struktural jeung aspék semiotik dina kumpulan sajak, ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data kalawan gemet.

1) Téhnik Analisis Struktural

Analisis struktural dina ieu panalungtikan tujuanana pikeun ngaguar struktur pangwangun dina sajak. Struktur sajak bisa kapaluruh upama dititénan dumasar dua hal, nyaéta dumasar hakékat atawa ma'nana jeung dumasar unsur pangwangunna (Isnendes spk. 2018, kc. 94). Analisis struktural nu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta dumasar tiori Alton C. Morris jeung I.A. Richard, nu dianalisisna nyaéta:

- (1) diksi dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (2) imaji dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (3) gayabasa dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (4) kecap kongkrit dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (5) purwakanti dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (6) téma dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (7) nada dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- (8) rasa dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar; jeung
- (9) amanat dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar.

2) Téhnik Analisis Semiotik

Analisis semiotik nu digunakan pikeun ngaguar tanda-tanda sajak dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori semiotik nu ngawengku:

- (1) éksprési nu teu langsung;
- (2) hipogram/intertéktualitas; jeung
- (3) pembacaan semiotik.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakan dina panalungtikan ngaliwatan hiji métode. Saluyu jeung pamadegan Abubakar (2023) nu nétlakeun

yén instrumén panalungtikan téh mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan sangkan éta data leuwih gampang diolah.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun maluruh jeung ngawilah-wilah keterangan katut bukti cutatan dina sajak-sajak nu dianalisis. Kartu data nu digunakeun mangrupa wongun tabél kartu data digital saperti kieu.

- 1) Kartu data digital struktural

**Tabél 3.1
Kartu Data Digital Struktur Lahir ‘Diksi’**

No.	Kode Data	Ungkara	Diksi
1.	KG/14/3	<i>kukupu</i> nu hamo nyacaka deui nyoréang gunclukan kembang	Kukupu

**Tabél 3.2
Kartu Data Digital Struktur Lahir ‘Imaji Panéndo/Visual’**

No.	Kode Data	Ungkara	Imaji
1.	UR/41/29	naha nu <i>katémbong</i> masih kénéh métáfora urang baheula?	Katémbong

**Tabél 3.3
Kartu Data Digital Struktur Lahir ‘Gayabasa’**

No.	Kode Data	Ungkara	Gayabasa
1.	PPN/19/8	eunteung <i>satungtung deuleuan</i>	Rarahulan

**Tabél 3.4
Kartu Data Digital Struktur Lahir ‘Kecap Kongkrit’**

No.	Kode Data	Ungkara	Kecap Kongkrit
1.	DKG/70/54	jarum <i>jam</i> ngarajah salikur ngaran	Jam

**Tabél 3.5
Kartu Data Digital Struktur Lahir ‘Purwakanti’**

No.	Kode Data	Ungkara	Purwakanti
1.	JP/23/12	kaweruh paadu timpuh (u)	Maduswara

Tabél 3.6
Kartu Data Digital Struktur Batin ‘Téma’

No.	Kode Data	Ungkara	Téma
1.	PA/49/37	nu papada loma, lantaran cinta mibanda basa nu sarua ku remen silihobrolkeun nu teu sapira, kelir pakéan atawa lagu nu riukna sarimbag jeung karasa atawa perkara turunna hujan nu geus teu milih mangsa	Cinta/Asmara

Tabél 3.7
Kartu Data Digital Struktur Batin ‘Nada’

No.	Kode Data	Ungkara	Nada
1.	LYG/22/11	sabab miang parakencilan mulang gé séwang-séwangan tepung pareng ku ditolih ngalogat nu sakalimah ku kasurti nu boa henteu sawilah	Ngélingan

Tabél 3.8
Kartu Data Digital Struktur Batin ‘Rasa’

No.	Kode Data	Ungkara	Rasa
1.	IBN/59/47	ibun téh kedaling kasurti wanci dina genclangna cumarita peuting nu kungsi kasungsi ku mangpirang impian jeung pangharepan	Waas

Tabél 3.9
Kartu Data Digital Struktur Batin ‘Amanat’

No.	Kode Data	Amanat
1.	KGK/14/3	Manusa minangka mahluk ciptaan Allah kudu salawasna sukur kana ni’mat Rohman jeung Rohim-Na Gusti.

2) Kartu data digital semiotik

Tabél 3.10
Kartu Data Digital Éksprési nu teu Langsung

No.	Kode Data	Ngaganti Harti	Ngarobah Harti	Nyipta Harti
1.	KGK/14/3	Personifikasi jeung Métafora	Kontradiksi: dina ungkara “nu teu sampurna” jeung “nyampurnakeun nu geus aya”	Pola rima a-a-b-b, c- d-é-é, f-g-f-g, h-h, jeung i-i. Sora vokal nu dominan nyaéta ‘a’ jeung ‘i’. Aya simetri jeung transformasi tanda dina pada kaopat.

Tabél 3.11
Kartu Data Digital Hipogram/Intertéktualitas

No.	Kode Data	Hipogram/Intertéktualitas
1.	KGG/14/3	Hipogram aktual

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital. Kartu data digital gunana pikeun nyangking jeung medar sakumna data nu kapaluruh. Kartu data digital pikeun ngolah data katitén saperti kieu.

- 1) Conto kartu analisis struktur lahir sajak ‘Diksi’

Kukupu

Diksi “kukupu” katitén aya dina pada kadua tina sajak nu judulna “Kagandrung”. Cutatan sajakna saperti ieu di handap.

kukupu nu hamo nyacaka deui
nyoréang gunclukan kembang
jangjang dua tinggal puuh
dina jiret harimumu (**KGG/14/3**)

Kecap “kukupu” dina Danadibrata (2015, kc. 370) hartina sato nu bisa hiber tapi lain bangsa manuk, sarta dua jangjangna warna-warni tur rubak dibandingkeun jeung gedéna awak. Ari dina ieu sajak, kecap “kukupu” digunakeun pikeun ngagambarkeun manusa nu keur néangan jati dirina ku jalan tarékat ninggalkeun napsu dunya nepi ka pinanggih jeung éndahna pati.

- 2) Conto kartu analisis struktur lahir sajak ‘Imaji Panénjo/Visual’

Katémbong

naha nu **katémbong**

masih kénéh métáfora urang baheula? (**UR/41/29**)

Kecap “katémbong” asalna tina kecap “témbong” nu hartina naon-naon nu tadina buni ayeuna jadi katéndo.

- 3) Conto kartu analisis struktur lahir sajak ‘Gayabasa’

eunteung **satungtung deuleuan (PPN/19/8)**

Gayabasa rarahulan dina ieu ungkara ditandaan ku ungkara “eunteung satungtung deuleuan”. Ungkara “eunteung satungtung deuleuan” nuduhkeun sipat jeung paripolah manusa, boh nu hadé boh nu goréng pikeun tujuan ngaji diri.

- 4) Conto kartu analisis struktur lahir sajak ‘Kecap Kongkrit’

jarum **jam** ngarajah salikur ngaran (**DKG/70/54**)

Kecap “jam” nyaéta nuduhkeun alat nu digunakeun pikeun nuduhkeun waktu.

5) Conto kartu analisis struktur lahir sajak ‘Purwakanti’ (Maduswara)

kaweruh paaduh timpuh (u) (JP/23/12)

Ieu ungkara murwakanti dina sora vokal panungtung dina unggal kecapna nyaéta vokal ‘u’.

6) Conto kartu analisis struktur batin sajak ‘Téma’ (Cinta/Asmara)

Puisi Asih

nu papada loma, lantaran cinta mibanda basa nu sarua
 ku remen silihobrolkeun nu teu sapira, kelir pakéan
 atawa lagu nu riukna sarimbag jeung karasa
 atawa perkara turunna hujan nu geus teu milih mangsa (PA/49/37)

Parafrase:

nu papada loma (dalit), lantaran cinta (mah) mibanda basa (rasa) nu sarua
 ku remen silihobrolkeun (perkara) nu teu sapira, (saperti) kelir pakéan
 atawa lagu nu riukna sarimbag jeung karasa
 atawa perkara turunna hujan nu geus teu milih mangsa

Sajak “Puisi Asih” kaasup kana sajak nu témana ngeunaan asmara lantaran panyajak nyaritakeun yén cinta téh mibanda basa rasa nu sarua. Éta hal dituduhkeun ku ungkara “ku silihobrolkeun nu teu sapira”, nyaéta hal-hal nu katembongna basajan, dina cinta mah bisa jadi perkara nu penting sarta jadi mamanis guluyurna carita.

7) Conto kartu analisis struktur batin sajak ‘Nada’ (Ngélingan)

Layung

sabab miang parakencilan
 mulang gé séwang-séwangan
 tepung pareng ku ditolih
 ngalogat nu sakalimah
 ku kasurti nu boa henteu sawilah (LYG/22/11)

Ungkara sajak di luhur nandeskeun yén manusa téh bakal pinanggih jeung pati nyaéta bakal mulang deui ka purwadaksina. Dijurung ka dunya ogé sorangan, mulang ogé tangtu bakal sorangan deui. Ieu ungkara sajak mangrupa pépéling pikeun diri panyajak, jeung pépéling pikeun nu maca. Éta hal katitén dina ungkara “sabab miang parakencilan”, jeung “mulang gé séwang-séwangan”.

8) Conto kartu analisis struktur batin sajak ‘Rasa’ (Waas)

ibun téh kedaling kasurti wanci
 dina genclangna cumarita
 peuting nu kungsi kasungsi
 ku mangpirang impian jeung pangharepan (IBN/59/47)

Rasa waas nu timbul sabada ieu sajak dibaca lantaran eusina nyaritakeun ibun dina waktu isuk-isuk, ibun nu jadi saksi ayana peuting nu kebek ku mangpirang impian jeung pangharepan nu éndah ti unggal manusa.

9) Conto kartu analisis struktur batin sajak ‘Amanat’

- 1) Manusa upama hayang aya dina katingtriman nu sajati sarta haténa éling ka Nu Maha Kawasa, kudu terus diajar neuleuman élmu agama nepi ka jadi pribadi nu ahlakna hadé tur jadi tuladan (KG/14/3).
- 2) Manusa kudu salawasna éling yén hirup di dunya téh moal lana bakal panggih jeung maot (LTN/17/6).

Wahyu Saputra

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK DINA KUMPULAN SAJAK NGABUNGBANG KARYA
 NAZARUDIN AZHAR**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

10) Conto kartu analisis semiotik sajak eksprési nu teu langsung

Kagandrung (KGG/14/3)	Rima:
tamiang awi karamat	(a)
ditiup rasa rumawat	(a)
dijentréngan kawat demit	(b)
nganteng ti leuit ka langit	(b)
kukupu nu hamo nyacaka deui	(c)
nyoréang gunclukan kembang	(d)
jangjang dua tinggal puhu	(é)
dina jiret harimumu	(é)
nu teu sampurna	(f)
nyampurnakeun nu geus aya	(g)
nu geus tumpur di kieuna	(f)
saampar nuguran rasa	(g)
na kacapi numpi jempling	(h)
na suling simpé dumeling	(h)
nu ngaweuhan tinggal parung	(i)
bedah ti leuwi kagandrung	(i)

Ngaganti Harti

Sajak “Kagandrung” ngandung personifikasi jeung métaphore. Personifikasi nu dimaksud dituduhkeun ku ungkara “kukupu nu hamo nyacaka deui, nyoréang gunclukan kembang”. Kecap “nyoréang” mangrupa imaji gerak nu hartina ngalieukan ka tukang dibarengan jeung pulihna ingetan. Kukupu diibaratkeun manusa nu daék teu daék ninggalkeun kaéndahan dunya. Anapon métaphore nu kapaluruh dina ieu sajak, nyaéta dituduhkeun ku ungkara “na kacapi numpi jempling”, nu ngibaratkeun sora kacapi téh sora nu ngajak nyorangan tur aya dina rasa nu pinuh kahidmatan. Métaphore séjénna kapaluruh dina ungkara “na suling simpé dumeling”, nyaéta mapandékeun yén sora suling téh minangka hiji perkara nu nganturkeun pikeun mairan gerentes haté sorangan.

Ngarobah Harti

Ngarobah harti téh dibalukarkeun ku ayana kontradiksi, ambiguitas, jeung *nonsense*. Dina sajak “Kagandrung”, kapaluruh ayana kontradiksi dina ungkara “nu teu sampurna” jeung “nyampurnakeun nu geus aya”. Kontradiksi nu dimaksud nyaéta ma’na nu hartina téh lalawan antara nu teu sampurna jeung nyampurnakeun nu geus aya. Éta hal téh ditujukeun ka manusa nu pinuh kakurangan, tapi kudu nyampurnakeun sakur nu aya dina dirina. Ku kituna, dua ungkara éta téh nimbulkeun kontradiksi. Anapon ambiguitas jeung *nonsense*, teu kapaluruh dina ieu sajak.

Nyipta Harti

Nyipta harti dibalukarkeun ku ayana simetri, rima, *enjambement*, jeung transformasi tanda. Dina sajak “Kagandrung” nu kapaluruh téh nyaéta simetri, rima jeung transformasi tanda. Simitri nu dimaksud nyaéta dina pada kaopat “na kacapi numpi jempling/na suling simpé dumeling”. Éta dua padalisan téh aya sasaruuan dina sora panungtungna nyaéta “jempling” jeung “dumeling”. Iwal ti éta, simetri dina ieu dua padalisan téh dituduhkeun ku jumlah engang nu sarua, nyaéta dalapan engang (na-ka-ca-pi-num-pi-jem-pling/na-su-ling-sim-pé-du-me-ling). Rima dina sajak di luhur mibanda pola (AABB) nyaéta dina pada kahiji nu nuduhkeun rima sajajar, pola (ABAB) dina pada katilu nu nuduhkeun rima silang, jeung pola (AA) dina pada kaopat jeung kalima nu nuduhkeun rima runtulan. Sora vokal nu dominan dina rima sajakna nyaéta sora vokal ‘a’ jeung ‘i’, nu nimbulkeun suasana hidmat jeung tingtrim tur nu ngalantarankeun ieu sajak téh ngawirahma.

Anapon ayana transformasi tanda dituduhkeun dina ungkara “na kacapi numpi jempling”, jeung “na suling simpé dumeling”. Éta dua ungkara téh nyipta harti anyar nu teu ilahar digunakeun saméméhna. Upamana waé sajak sajak nu maké diksi “kacapi” ilaharna” sok maké ungkara “jentréng kacapi geus ilang tilem karurud mangsa” atawa “jentréng kacapi sumarambah kana lebah lelemañ manah”. Dina ieu sajak, sora kacapi téh minangka sora nu ngajak sangkan nyorangan, sora nu midangkeun kaayan jempling sangkan bisa ngalenyepan diri. Pon kitu deui, sajak nu maké diksi “suling”, moal jauh tina ungkara “suling nu suling” atawa “gelikna suling téh lir sora nu kanyenyerian”. Dina ieu sajak mah sora suling téh minangka sora nu nganteurkeun kana kaayaan simpé jeung haté nu dumeling atawa cahayaan.

11) Conto kartu analisis semiotik sajak hipogram/intertékstualitas

Hipogram/Intertékstualitas: (KGG/14/3)

Déskripsi:

Sajak “Kagandrungrung” mibanda hipogram aktual jeung karya sastra wangun puisi lianna nyaéta rumpaka lagu “Kukupu” nu dipopulérkeun ku Ida Widawati.

hiber deui kukupu hiber teu nangan

mawa béra haréwos béra ti taman

hiber deui kukupu hiber teu nangan

beulah batu palias lain wiwitán

boga deui sembaheun di pawenangan

lain éta kukupu ti kahiyangan

boga deui sembaheun ukur impian

hayang leumpang ka jalan nu can kasorang

cenah nanjak tarahal ceuk nu popoyan

geuning bulan sumiratna béngras pisan

dina balong ngalangkang lir ngagupayan

rék ngajugjug ka leuwi nu panghieumna

hayang nyaho jerona haté manusa

rék neuleuman mun bisa rék ditulungan

kajeun jungkrang mun beunang rék dipuntangan

Ieu rumpaka lagu téh mangrupa panggeuing sangkan nuturkeun ajaran tarékat ti para seniman Sunda nu diébréhkeun dina wangun lagu. Kukupu nu mimitta endog, tuluy jadi hileud, jadi cacaka, nepi ka mekar jadi kukupu nu éndah téh diibaratkeun manusa nu keur tapa néangan jati dirina sangkan ahlekna hadé, tug nepi ka ngahontal éndahna maot. Jadi rumpaka lagu “Kukupu” téh mibanda hipogram aktual jeung sajak “Kagandrungrung”, sabab eusina nyaritakeun palsapah hirup manusa dina néangan bebeneran ku jalan neuleuman élmu tarékat, sangkan batin manusa nganteng ka Gusti-Na.

12) Conto kartu analisis pembacaan semiotik

Pembacaan Semiotik: (KGG/14/3)

Pembacaan Heuristik:

tamiang (téh) awi karamat

(nu) ditiuup rasa rumawat

(tur) dijentréngan kawat demit

(sorana) nganteng ti leuit (nepi) ka langit

kukupu (lir manusa) nu hamo nyacaka (dibakutet rasa) deui

(indit) nyoréang (ninggalkeun) gunclukan kembang (kaéndahan dunya)

(raga lir) jangjang dua (nu) tinggal (nyésakeun) puhu (layon)

dina jiret harimumu (dibungkus boéh)

(manusa) nu teu sampurna


nyampurnakeun (jiwa jeung raga) nu geus aya
 nu geus tumpur (teu aya) di kieuna
 saampar nuguran (ngaleungitkeun rupa-rupa) rasa
 (dina) kacapi numpi jempling
 (di-) na suling simpé dumeling
 (sora-sora) nu ngaweuhan (ibarat walungan nu caina tarik)
 (lir cai nu) bedah ti leuwi kagandring

Pembacaan Hermeneutik:

Sacara hermeneutik, ieu sajak téh eusina nyaritakeun batin manusia nu cinta ka Nu Maha Kawasa. Cinta nu kebek ku rasa hidmat, diwujudkeun dina katakwaan, nepi ka ngarasa gandrung jeung Gusti-Na. Kasang tukang panyajak méré judul “Kagandring” kana ieu sajak, ditandeskeun dina unggara “bedah ti leuwi kagandring”. Kecap “leuwi” nyiptakeun imaji panénjo kana tempat nu wening, liuh, caina ngocor, tapi jero upama diteuleuman kawas jerona neuleuman élmu tarékat. Saupama dipapandékeun jeung basa cinta Kaom Supi mah, leuwi téh lir talaga wening nu caina mantulkeun sumiratna cahaya cinta Ilahi ka abdina, talaga nu kudu diteuleuman sangkan karasa hidmatna gandrung ka Nu Maha Kawasa. Dumasar kana éta hal, ieu sajak téh dijudulan “Kagandring”.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa prak-prakan nu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina nganalisis jeung nyusun panalungtikan. Anapon prak-prakan dina nganalisis nyaéta ngumpulkeun data, réduksi data, midangkeun data jeung nyieun kacindekan atawa vérifikasi data (Miles spk., dina Wulansari spk., 2019). Éta prak-prakan téh digambarkeun dina wanguan bagan saperti kieu.



Bagan 3.2 Léngkah Panalungtikan

1) Ngumpulkeun Data

Prak-prakan dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- (1) maca buku kumpulan sajak *Ngabungbang* nu jadi sumber data pikeun dianalisis struktur jeung semiotikna;

- (2) mariksa jeung milih 20 sajak nu bakal dianalisis ngagunakeun téhnik tématis jeung *purposive sampling*;
- (3) nyatet analisis struktur lahir jeung struktur batin dina 20 sajak nu dianalisis;
- (4) nyatet analisis semiotik dina 20 sajak nu dianalisis.

2) Réduksi Data

Réduksi data mangrupa prosés ngarangkum atawa ngawilah-wilah hal nu penting lantaran dina data nu dianalisis téh kawilang réa. Ku kituna, perlu milihan data nu aya patalina jeung struktur lahir katut struktur batin sajak, sarta tiori semiotik dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Anapon prak-prakan nganalisis datana nyaéta:

- (1) maham kana 20 sajak nu dinalisis dina kumpulan sajak *Ngabungbang*;
- (2) nganalisis struktur lahir tina 20 sajak nu dianalisis dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang*;
- (3) nganalisis struktur batin tina 20 sajak nu dianalisis dina kumpulan sajak *Ngabungbang*;
- (4) nganalisis semiotik tina 20 sajak nu ngawengku éksprési nu teu langsung, hipogram, jeung pembacaan semiotik: heuristik jeung hermeneutik.

3) Midangkeun Data

Sabada prosés réduksi data dilaksanakeun, léngkah satuluyna nyaéta midangkeun data. Midangkeun data téh kagiatan ngumpulkeun informasi nu geus disusun kalawan sistematis, nu satuluyna éta informasi miboga kamungkinan disusun jadi hiji kacindekan.

4) Nyusun Kacindekan

Nyusun kacindekan mangrupa kagiatan pamungkas dina nganalisis. Ieu kagiatan téh tujuanna sangkan bisa nyangking ma'na tina data nu geus dipidangkeun. Satuluyna sangkan hasil data tina kacindekan leuwih akurat, perlu ayana léngkah vérifikasi data. Vérifikasi data tujuanna pikeun méré jaminan sangkan hasil tina panalungtikan téh bisa dipercaya.

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab ditétélakeun ngeunaan data jeung sumber data nu digunakan dina ieu panalungtikan.

3.5.1 Data

Data nu digunakan dina ieu panalungtikan téh nyaéta data struktur lahir, struktur batin, jeung semiotika dina sajak-sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Data dina struktur lahir sajak ngawengku diksi, imaji, gayabasa, kecap kongkrit, jeung purwakanti. Data struktur batin sajak ngawengku téma, nada, rasa jeung amanat. Anapon data semiotik sajak ngawengku éksprési nu teu langsung, hipogram/intertéktualitas, jeung pembacaan semiotik nyaéta pembacaan heuristik jeung hermeneutik.

3.5.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Sumber data mangrupa asal data atawa subjék nu rék ditalungtik. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2013) yén sumber data dina panalungtikan téh nyaéta subjék asal data nu bisa dicangking ngawengku *person*, *place*, jeung *paper*. Ku sabab sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa sajak, sumber data nu digunakan téh kagolong kana *paper*. *Paper* nyaéta sumber data nu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa huruf, angka, gambar, atawa simbol-simbol nu lian (Arikunto 2013, kc. 172).

Sangkan pedaran analisis sajak leuwih teleb, tur hasil analisisna bisa nyumponan udagan panalungtikan, sajak nu dianalisis téh diwakilan ku sawatara sajak nu dianggap réfrésentatif tina unggal téma sajakna. Anapon téhnik nangtukeun sajak nu bakal dianalisis nyaéta ngagunakeun téhnik tématis jeung *purposive sampling* atawa miboga tujuan, nyaéta néangan sajak-sajak nu dianggap réa nawarkeun poténsi data. Ku kituna, dina kumpulan sajak *Ngabungbang* téh diklasifikasikeun dumasar kana lima téma, nyaéta téma nu aya patalina jeung cinta/asmara lobana 16 sajak, téma nu aya patalina jeung sosial kamanusaan lobana 25 sajak, téma nu aya patalina jeung pati lobana 10 sajak, téma nu aya patalina jeung alam lobana 17 sajak, sarta téma nu aya patalina jeung religi/kaagamaan

lobana 12 sajak. Tina 80 sajak, nu dianalisis téh 25%-na nyaéta diwakilan ku 20 sajak tina unggal téma. Éta 20 sajak téh ngawengku 4 sajak nu aya patalina jeung cinta/asmara, 6 sajak nu aya patalina jeung sosial kamanusaan, 3 sajak nu aya patalina jeung pati, 4 sajak nu aya patalina jeung alam, sarta 3 sajak nu aya patalina jeung religi/kaagamaan. Ieu di handap mangrupa tabé'l kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar.

Tabé'l 3.12
Kumpulan Sajak *Ngabungbang* Karya Nazarudin Azhar

No.	Judul Sajak	Kode Data	Klasifikasi Téma					Keterangan	
			1	2	3	4	5	Dianalisis	Teu Dianalisis
1	Rarakitan	RKN/11/1	✓						✓
2	Ringkang	RKG/13/2		✓					✓
3	Kagandrung	KGG/14/3	✓					✓	
4	Harianeun	HRN/15/4		✓					✓
5	Aya nu Teu Kaukur	ANTK/16/5				✓			✓
6	Leungiteun	LTN/17/6			✓			✓	
7	Walungan	WLN/18/7				✓			✓
8	Panyumputan	PPN/19/8		✓				✓	
9	Nu Tumiba	NT/20/9		✓					✓
10	Sébakeuneun	SBN/21/10					✓	✓	
11	Layung	LYG/22/11			✓			✓	
12	Jalan Pasampangan	JP/23/12		✓				✓	
13	Kembang Kayas	KK/24/13			✓			✓	
14	Kadar	KDR/25/14					✓		✓
15	Haréwos	HRS/26/15			✓				✓
16	Nu Nyambat Kalakay Pugur	NNKP/27/16			✓				✓
17	Seuri	SRI/28/17		✓					✓
18	Tangkal Kawung	TK/29/18				✓		✓	
19	Mulang	MLG/30/19							✓
20	Pangjugjungan	PJN/31/20	✓						✓
21	Sukma Urang	SU/32/21			✓				✓
22	Ngabungbang	NGG/33/22		✓				✓	
23	Angkeuhan	AKN/34/23		✓					✓
24	Kembang 2	K2/36/24				✓			✓
25	Pibugangeun	PBN/37/25		✓				✓	
26	Taya nu Satemenna Bébas	TNSB/38/26		✓					✓
27	Cenah Geus Lain-lainna	CGL/39/27		✓					✓
28	Turus Katumbiri	TK/40/28					✓		✓
29	Ungkara Rumaja	UR/41/29	✓					✓	
30	Hiji Lalakon	HL/42/30		✓					✓
31	Bumi Kadaton 1	BK1/43/31				✓			✓
32	Bumi Kadaton 2	BK2/44/32				✓			✓
33	Tangkal Nenggang	TN/45/33				✓			✓

No.	Judul Sajak	Kode Data	Klasifikasi Téma					Keterangan	
			1	2	3	4	5	Dianalisis	Teu Dianalisis
34	Hariring	HRG/46/34					✓		✓
35	Cinta Nu Nitah Midangdam	CNM/47/35	✓						✓
36	Geter	GTR/48/36					✓		✓
37	Puisi Asih	PA/49/37	✓					✓	✓
38	Janari Leutik	JL/50/38				✓			✓
39	Sésa Jalan	SJ/51/39		✓					✓
40	Désémber	DSR/52/40			✓				✓
41	Waktu	WTU/53/41					✓		✓
42	Kalangkang Hujan	KH/54/42				✓		✓	
43	Bapa	BP/55/43	✓						✓
44	Saungséél	SSL/56/44				✓			✓
45	Ratri	RRI/57/45				✓			✓
46	Sakapat Bangkarak	SB/58/46		✓					✓
47	Ibun	IBN/59/47				✓		✓	
48	Rasa Nu Katambias	RNK/60/48	✓					✓	
59	Milik Diri	MD/61/49		✓					✓
50	Sanggeus Durukan Pareum	SDP/65/50				✓			✓
51	Dengkleung	DKG/67/51		✓				✓	
52	Lukisan Kulawu	LK/68/52	✓						✓
53	Sajak Keur Hiji Dayeuh	SKHD/69/53				✓			✓
54	Kaéndahan	KDN/70/54		✓				✓	
55	Angkeub	AKB/71/55		✓					✓
56	Baeungeut Talaga	BT/72/56	✓						✓
57	Kampung Naga	KN/73/57				✓		✓	
58	Tabuh Genep	TG/75/58		✓					✓
59	Variasi Tina Hiji Lalakon	VTHL/76/59		✓					✓
60	Kembang Silalatu	KS/77/60		✓					✓
61	Hiji Kecap	HK/78/61					✓	✓	
62	Rohang Pangantén	RP/79/62		✓					✓
63	Sabot Panon Peureum Hayam	SPPH/80/63	✓						✓
64	Tasikmalaya, 1	T1/81/64				✓			✓
65	Tasikmalaya, 2	T2/82/65					✓		✓
66	Paséban	PSN/83/66					✓	✓	
67	Hiji Lalaki	HL/84/67		✓					✓
68	Sandékala	SDKL/86/68	✓						✓
69	Bal Cahaya	BC/90/69				✓			✓
70	Dua Mangsa	DM/92/70	✓						✓
71	Manéhna Ukur Miang	MUM/94/71			✓				✓
72	Kalimah Purwa	KP/95/72					✓		✓
73	Tresna	TRA/96/73	✓						✓
74	Dina Tiara Kusumawardhani	DTK/97/74	✓						✓
75	Sajak Biasa	SB/100/75	✓						✓
76	Jagat Urang	JU/101/76		✓					✓

No.	Judul Sajak	Kode Data	Klasifikasi Téma					Keterangan	
			1	2	3	4	5	Dianalisis	Teu Dianalisis
77	Potrét	PRT/103/77				✓			✓
78	Épisode	ÉPE/104/78		✓					✓
79	Hancengan	HCN/105/79			✓				✓
80	Talatah	TLH/106/80					✓		✓
Jumlah			16	25	10	17	12	20	60

*Keterangan:

AA/BB/CC

AA: Judul Sajak

BB: Kaca

CC: Nomor Urut Sajak


1: Téma Cinta/Asmara

2: Téma Sosial Kamanusaan

3: Téma Pati

4: Téma Alam

5: Téma Réligi/Kaagamaan



Judul	:	Ngabungbang
Pangarang	:	Nazarudin Azhar
Kandel Buku	:	106 kaca
Taun Medal	:	2018
Pamedal	:	Geger Sunten
Citakan	:	Citakan ka-2

Gambar 3.1 Jilid Buku Kumpulan Sajak *Ngabungbang*

1) Idéntitas jeung Déskripsi Buku

Ngabungbang mangrupa buku kumpulan sajak Nazarudin Azhar nu medal taun 2012. Eusina ngawengku 80 sajak nu dibagi jadi dua bagian. Judul *Ngabungbang* dina ieu kumpulan sajak, dicokot tina salah sahiji sajak nu judulna “Ngabungbang”. Ieu kumpulan sajak téh di jerona diwangun ku rupa-rupa téma, di antarana ngeunaan cinta/asmara, pati, sosial kamanusaan, alam, jeung réligi/kaagamaan.

Pulas tina jilid ieu buku téh nyaéta konéng konéas nu ngagambarkeun kaayaan alam. Di luhur palebah kénca aya bulan nu ngagantung warna beureum kasumba.

Wahyu Saputra

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK DINA KUMPULAN SAJAK NGABUNGBANG KARYA
NAZARUDIN AZHAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Handapeun bulan aya gundukan pasir warna soklat jeung tangkal ngan hiji-hijina. Di palebah handap aya tulisan “ngabungbang” ngagunakeun huruf kapital nu mangrupa judul ieu buku kumpulan sajak tur di handapeunana aya tulisan “Kumpulan Sajak Nazarudin Azhar”.

Kecap “ngabungbang” dina Kamus Umum Basa Sunda hartina téh nyaring sapeupeuting di luareun wawangunan, biasana di tempat anu dianggap aya karamatna dina malem tanggal 14 Mulud. Upama ditilik tina asal kecapna “bungbang” hartina alam nu lénglang. Ku kituna, pangarang kaasup nu nyieun jilid ieu buku téh hayang némbongkeun ayana kasaluyuan antara judul buku jeung gambar jilidna. Tujuanana, nyaéta sangkan ngahudangkeun rasa panasaran ka nu maca pikeun maluruh kumaha eusi bukuna, ogé nyumponan aspék éstétika dina ieu buku kumpulan sajak.

2) Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.2
Potrétt Nazarudin
Azhar

Nazarudin Azhar nu leuwih dipikawanoh Kang Nunu téh gelar di Salawu, Tasikmalaya, 23 Agustus 1973. Dunya atikan nu disusud ku Nunu téh nepi ka SMIK (Sekolah Menengah Industri Kerajinan) nyaéta jurusan ukir kayu. Kamahéran Nunu dina nulis karya sastra Sunda téh lantaran kabiasaan ti leuleutikna resep maca buku-buku ti kacamatan nu dibawa ku ramana salaku penjaga sakola. Kalangenan nulis Nunu dimimitian ti SMIK kénéh. Inyana rajin ngurus mading sakola, malah mah tulisanana sok dimuat di Mitra Koran Désa (Apriyan, 2020).

Di taun 2005 jeung 2007 Nazarudin Azhar dilélérl hadiah sastra LBSS pikeun puisi pinilih I. Di taun 2008, Nazarudin Azhar jadi pinunjul II dina saémbara *Ngarang Sajak Sunda* nu dikokolakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (Azhar, 2018). Nunu kungsi medalkeun buku kumpulan sajak di taun 2008 nyaéta *Topéng Keretas* jeung *Ngabungbang* di taun 2012. Iwal ti éta, kumpulan sajakna nu dijudulan *Miang* dilélérl hadiah Sastra Rancagé.

Nazarudin Azhar ogé kungsi dilélérl hadiah sastra DK. Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan pikeun naskah drama Basa Sunda nu judulna *Blor!* (1996). Anapon

naskah dramana nu dijudulan *Jeblog* kapilih jadi Pinunjul I dina pasanggiri ngarang naskah drama Basa Sunda nu diayakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS). Dina pasanggiri nu sarua di taun 2009, naskah dramana nu dijudulan *Sadrah* ogé kapilih jadi Pinunjul I (Azhar, 2023, kc. 87).